

### **BAB III**

## **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Panalungtikan babandingan dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung *Asputtele* karya Jacob Grimm ulikan struktural jeung sastra bandingan kaasup kana panalungtikan kualitatif kalawan objék nu dipakéna nya éta karya sastra. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan pikeun maham kana sakabéh kajadian anu kaalaman teras ditétélakeun ku cara ngadéskripsikeun dina wangun kekecapan jeung basa dina hiji kontéks alamiah sarta ngamangpaatkeun rupa-rupa métode ilmiah (Moleong, 2012, kc.6).


Saacan nangtukeun tiori jeung métode dina nganalisis karya sastra, diperlukeun pamarekan kana karya sastra minangka objék panalungtikan nu rék dianalisis. Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan struktural. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 16) pamarekan struktural nya éta hiji prinsip yén téks sastra mangrupa hiji-hijina jalan pikeun néangan ma'na.

Métode panalungtikan nya éta cara nu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Métode panalungtikan biasana mangrupa angkét, wawancara, obsérvasi, tés, jeung dokuméntasi (Arikunto, 2013, kc. 160). Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun metodé déskriptif. Metodé deskriptif nyaéta metode panalungtikan pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan fakta kaayaan jeung fénoména hiji kajadian anu keur lumangsung. ku cara ngumpulkeun data anu pakait sareng judul panalungtikan nya éta analisis Carita *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung *Ashputtele* karya Jacob Grimm, teras dilajeungkeun ku nganalisis data dumasar kana ulikan struktural jeung sastra bandingan. Tina kacindekan bakal kapanggih pasualan anu dirandapan dina ieu panalungtikan nyaéta sasaran jeung bébédaan tina dua carita anu miboga kasang tukang carita anu sarua nyaéta putri jeung indung téréna.

### 3.1 Désain Panalungtikan

Desain nya éta hiji rarancang panalungtikan pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data panalungtikan. Desain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan.

Upama digambarkeun ieu panalungtikan miboga desain panalungtikan saperti ieu di handap.



Ernawati, 2021

**BABANDINGAN DONGÉNG NYI SARIKINGKIN KARYA TB DJAJADILAGA JEUNG ASHPUTTEL KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## Nyieun Laporan Panalungtikan

### 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun (Arikunto, 2013, kc. 129), sumber data nyaéta subjek anu dipaké pikeun nyangking data dina panalungtikan. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta ngalakukeun kajian pustaka anu sumberna tina jurnal jeung buku anu pakait sareng judul panalungtikan nyaéta analisis dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung *Ashputtele* karya Jacob Grimm (Ulikan Struktural jeung Sastra Bandingan).

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nya éta dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtele* karya Jacob Grimm, anu bakal dianalisis strukturna tuluy dibandingkeun sangkan kapaluruh sasaruana jeung bébédaan tina dua carita anu miboga kasang tukang carita anu sarua nya éta putri jeung indung téréna. Sumber data séjén nyaéta jurnal-jurnal ngeunaan struktural jeung babandingan. Lian ti éta aya ogé panalungtikan-panalungtikan saméméhna.

#### 3.2.1 Idéntitas

##### 1. Nyi Sarikingkin

Judul : Nyi Sarikingkin  
Pangarang : TB. Djajadilaga  
Medal : 2014  
Panerbit : Kiblat Buku Utama  
Cetakan ka : 1  
Kandel buku : 61 kaca  
Warna jilid : Biru, bodas

#### Gambar 3.1

#### Jilid Buku Nyi Sarikingkin

Ernawati, 2021

**BABANDINGAN DONGÉNG NYI SARIKINGKIN KARYA TB DJAJADILAGA JEUNG ASHPUTTEL KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu




## 2. Ashputtel

Judul	: Ashputtel (Dongéng & Cerita Grimm Bersaudara)
Pangarang	: Jacob Grimm
Medal	: 2010
Panerbit	: Penerbit Abdi Tandur
Cetakan ka	: 14
Kandel buku	: 668 kaca
Warna jilid	: Coklat

Gambar 3.2

### Jilid Buku Ashputtel



## 3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

### 3.3.1 Teknik Ngumpulkeun Data

Ernawati, 2021

**BABANDINGAN DONGÉNG NYI SARIKINGKIN KARYA TB DJAJADILAGA JEUNG ASHPUTTEL KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tékhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta téknik studi pustaka. Teknik studi pustaka digunakeun nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber tiori anu ngarojong kana panalungtikan. Ari léngkah-léngkah ngumpulkeun nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Maca buku jeung jurnal nu patali jeung analisis struktural jeung babandingan dina karya sastra.
- b. Nangtukeun sumber data, nyaéta dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm.
- c. Maca sagemblengna carita dongéng nu jadi sumber data panalungtikan.

### **3.3.2 Téknik ngolah Data**

Dina ieu panalungtikan objék anu baris ditalungtik nya éta dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtele* karya Jacob Grimm. Sanggeus meunangkeun data, satuluyna diolah kana sababaraha léngkah saperti ieu di handap.

- a. Mariksa data anu geus dikumpulkeun diantarana sumber utama data jeung sumber pangrojong séjénna.
- b. Nganalisis sumber data ngagunakeun kajian struktural jeung Sastra Bandingan.
- c. Ngadeskripsikeun hasil data sarta nyieun kacindekan tina hasil data anu geus dianalisis.

### **3.4 Instrumen Panalungtikan**

Instrumen panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan hasil panalungtikan leuwih hadé. Maksudna sangkan panalungtikan leuwih taliti, lengkep jeung sistematis, sangkan babari diolah (Arikunto, 2006, kc. 160). Instrumen dina ieu panalungtikan dipaké pikeun nganalisis struktur dongéng *Nyi Sarikingkin* jeung *Ashputtel*.

#### **3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data**

Ernawati, 2021

**BABANDINGAN DONGÉNG NYI SARIKINGKIN KARYA TB DJAJADILAGA JEUNG ASHPUTTEL KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tabél data. Tabél data digunakeun pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data anu geus aya. Panalungtik ngagunakeun tabél data sangkan ngagampilkeun dina prosés analisis data. Ieu dihandap mangrupa contoh gambaran tabél data anu bakal digunakeun pikeun analisis data, nya éta:

**a) Fakta Carita**

**Tabél 3.1**  
**Analisis Galur**

No	Alur	Judul
1	<i>Situation</i>	
2	<i>Generating circumstances</i>	
3	<i>Rising Action</i>	
4	<i>Climax</i>	
5	<i>Denouement</i>	

**Tabél 3.2**  
**Analisis Karakter Utama jeung Tambahan**

No	Analisis Tokoh	Karakter Tokoh
1		

**Tabél 3.3**  
**Analisis Alur**

No	Latar	
1	Latar sosial	

2	Latar tempat	
3	Latar waktu	

**b) Analisis Sastra Bandingan**

**Tabél 3.4**

**Analisis Babandingan Struktur**

No	Struktur Carita	Babandingan	
		Dongéng Nyi Sarikingkin (NS)	Dongeng Ashputtele (ASH)
1	Alur	Ngajéntrékeun ngeunaan alur carita dina NS	Ngajéntrékeun ngeunaan alur carita dina ASH
2	Karakter	Ngajéntrékeun ngeunaan karakter tokoh anu aya dina carita dina NS	Ngajéntrékeun ngeunaan karakter tokoh anu aya dina carita dina ASH
3	Latar	Ngajéntrékeun ngeunaan latar carita dina NS	Ngajéntrékeun ngeunaan latar carita dina ASH
4	Téma	Ngajéntrékeun ngeunaan téma dina NS	Ngajéntrékeun ngeunaan téma dina ASH